

Montan Yo Jeneralman Faktire

Si w resevwa asistans nan kad Politik Èd Lajan (Financial Assistance Policy, FAP) BJC Health la, lopital la pa ka faktire ou plis pase montan yo jeneralman faktire (Amounts Generally Billed, AGB) moun ki genyen asirans ki kouvri menm sèvis yo. Yo konsidere yo ap "faktire" yon pasyan ki elijib pou èd lajan sèlman montan li responsab pèsònèlman pou l peye apre yo fin aplike tout rediksyon yo (ki gen ladan yo rediksyon ki disponib nan kad FAP la) ak peman asirans yo.

BJC detèmine AGB a lè l miltipliye frè brit lopital la faktire pou swen sa a pa yon pousantaj oswa plizyè pousantaj nan frè brit la, ki rele "pousantaj AGB." Li kalkile pousantaj AGB a chak ane lè l miltipliye montan total reklamasyon lopital la konpayi asirans sante yo otorize a pandan peryòd 12 mwa anvan an pa sòm frè brit ki asosye pou reklamasyon sa yo. Pou rezon sa yo, montan total yon konpayi asirans sante otorize genyen

ladan l montan pou konpayi asirans lan ranbouse a ak montan (si genyen) moun nan pèsònèlman responsab pou l peye sou fòm kotizasyon, ko-asirans oswa franchiz. Kalkil AGB a fèt chak ane pou chak lopital.

Depi yo fin apwouve elijiblite ou pou jwenn èd lajan, lopital la ap aplike rediksyon pou èd lajan ki an vigè yo defini nan Tablo Revni ak Rediksyon pou Èd Lajan. Y ap verifiye nenpòt montan ou dwe pou yo asire yo li mwens pase pousantaj AGB a. Si montan ou dwe a plis pase montan AGB ki otorize a, y ap aplike yon lòt rediksyon sou montan an pou fè l rive nan pousantaj AGB a.

Pi ba a genyen pousantaj AGB pou chak lopital BJC Health. Si w genyen kesyon konsènan kalkil AGB a, tanpri rele BJC HealthCare nan 314-362-8400 oswa 855-362-8400 oswa Saint Luke's nan 816-932-5678 oswa 888-581-9401.

Non Lopital la	Montan Yo Jeneralman Faktire (AGB)
Alton Memorial Hospital	20.6%
Barnes-Jewish Hospital	28.5%
Barnes-Jewish St. Peters Hospital	24.0%
Barnes-Jewish West County Hospital	24.8%
Christian Hospital	21.4%
Memorial Hospital	18.9%
Missouri Baptist Medical Center	26.6%
Missouri Baptist Sullivan Hospital	26.7%
Parkland Health Center–Bonne Terre	24.4%
Parkland Health Center–Farmington	24.4%
Progress West Hospital	26.2%
St. Louis Children's Hospital	43.4%

Saint Luke's Hospitals	Montan Yo Jeneralman Faktire (AGB)
Allen County Regional Hospital	44.85%
Anderson County Hospital	56.14%
Hedrick Medical Center	45.96%
Saint Luke's East Hospital	16.0%
Saint Luke's Hospital of Kansas City	22.1%
Saint Luke's North Hospital	18.4%
Saint Luke's South Hospital	17.6%
Wright Memorial Hospital	49.58%

Yo an vigè depi 1ye mas 2026.